# KOUMAN MOUN KI GENYEN TPS KAPAB JWENN "GREEN CARD" (ALYENN KAT/ KAT REZIDANS) ATRAVÈ MANM FANMI YO



## GEN LÈ OU TA KA JWENN YON KAT REZIDANS SI OU TE RESEVWA "TEMPORARY PROTECTED STATUS" (ESTATI PWOTEKSYON TANPORÈ OSWA TPS) EPI KA PA'W REPONN AK PLIZYÈ LÒT KONDISYON.

### PREMYE KONDISYON:

MARI'W OSWA MADANM OU SE YON SITWAYEN AMERIKEN

OSWA

PITIT OU GENYEN OMWENS 21 AN EPI LI SE SITWAYEN AMERIKEN

OSWA

PARAN OU SE SITWAYEN AMERIKEN. SE OLIGATWA PARAN OU TE DEPOZE PETISYON AVAN OU TE GEN 21 ANE

### ANPLIS DE SA, OU OBLIJE SATISFÈ YOUN NAN KONDISYON SA YO:

OU VIV NAN LETA ALASKA, ARIZONA, CALIFORNIA, GUAM, HAWAII, IDAHO, KENTUCKY, MICHIGAN, MONTANA, NEVADA, OHIO, OREGON, TENNESSEE, OSWA WASHINGTON NAN MONMAN OU APLIKE POU KAT REZIDANS LAN[1]

OSWA

SE PANDAN OU GENYEN ESTATI TPS LAN OU TE PATI ALE LABA, EPI OU RE ANTRE OZETAZINI AK FÒM I-512L LA, KI SE FÒM "ADVANCE PAROLE" (PÈMISYON POU OU VWAYAJE)

OSWA

YO TE ENSPEKTE'W LÈ'W TE ANTRE OZETAZINI AK YON VISA NAN MEN OU

OSWA

OU GENYEN YON PETISYON KI DEPOZE DEJA NAN NON OU, NON PARAN'W, OSWA NON MARI'W/ MADANM OU AVAN 30 AVRIL, 2001

SI KA PA'W REPONN AK KONDISYON SA YO, NOU ANKOURAJE'W KONTAKTE YON KABINÈ AVOKA POU PALE SOU OPSYON OU GENYEN. W'AP JWENN LIS SÈVIS LEGAL NAN:

**WWW.IMMIGRATIONADVOCATES.ORG/NONPROFIT/LEGALDIRECTORY/**

**NB: MOUN KI GEN TPS KI PA KALIFYE POU YON KAT REZIDANS ATRAVÈ YON MANM FANMI TOUJOU KALIFYE POU APLIKE POU LÒT KALITE PWOTEKSYON IMIGRASYON.**

1. GEN BON DISKISYON KI DI OU KA TOUJOU JWENN YON KAT REZIDANS SI OU RETE NAN ETA SA YO MENMSI ESTATI TPS OU EKSPIRE DEJA. MEN LWA AKTYÈL LA PA FIN KLÈ.